



Pou Piblikasyon Imedya: 12/21/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO OFRI GRAS EGZEKITIF POU MOUN NOUYÒK KI TE  
KONDANE POU KRIM NAN LAJ 16 AK 17 AN**

***Apeprè 10,000 moun pral afekte lè New York abòde yon kantite moun ki kalifye ki la ap tann; alèkile, apeprè 350 sitwayen pral kalifye pou gras chak ane***

***Lwa pou premye fwa nan peyi a (First-in-the-nation) pral atenn tout moun ki te kondane pou yon deli oswa yon krim ki pa vyolan nan laj 16 oswa 17 an ki te rete san fè krim pandan dis ane***

***Gouvènè a akòde tou de lòt gras; pwojè fòmasyon san konpansasyon (Pro bono) gen pou kòmanse nan mwa janvye 2016***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a li pral sèvi ak pouvwa padon li genyen an pou diminye baryè ke yon kondanasyon kriminèl reprezante pou moun ki te kondane pou krim ki pa vyolan ke yo te komèt lè yo te minè, epi ki depi lèsa te rete san fè krim pou 10 ane oswa piplis. Aksyon sa a, ki se premye kalite konsa nan peyi a, fè pwomosyon prensip ki soti nan Seri Aksyon ki planifye pou Ogmante Laj responsablite kriminèl la (Raise the Age Campaign), ki mande New York pou antre nan pami 48 lòt eta ki rekonèt ke timoun 16 ak 17 an pa fè pati sistèm tribinal granmoun.

Aksyon Gouvènè a rekonèt ke moun kapab chanje apre erè nan jenès yo, Men, dosye kriminèl yo kòm granmoun ka fè li difisil pou yo jwenn travay, jwenn admisyon nan kolèj, jwenn yon kote pou yo viv, ak vin gen lisans nan sèten pwofesyon. Gouvènè a chwazi jodi a pou sèvi ak pouvwa fè gras Konstitisyon an ba li pou retire baryè lwa eta a kreye ki makonnen avèk kondanasyon sa yo, epi pèmèt moun ki merite sa vanse pou pi devan ak lavi yo.

**Gouvènè Cuomo di**, “Nou pase tout ane sa yo nan rete kwè ke si nou pini chak delenkan ase, san ankenn soulajman pi devan, tout krim t ap disparèt.” “Sa nou te fè anreyalite se bay timoun ki te fè yon erè yon santans avi kòm moun endezirab, epi pouse plis moun nan fè krim, paske lasosyete di yo pou tout rès vi yo ke se sa yo ye – kriminèl. Inisyativ sa a konsènen bay enpòtans a angajman pèsònèl moun ki te transfòme lavi yo pran, epi ki rejete krim pou yo vin yon manm aktif nan sosyete a. “

Lè li fè gras Moun Nouyòk ki te atenn etap enpòtan san krim sa a, Gouvènè a ap ede moun ki reprezante tikras danje pou piblik la. Anplisdesa, padon an pral gen kondisyon, ki vle di si yon moun demanti tout chans, epi li gen yon nouvo kondanasyon, yo pral retire li.

Aksyon Gouvènè a pral afekte yon gwo kantite vi moun. Nan pami moun 16 ak 17 an ki te komèt deli ak krim ki pa vyolan, depi lè eta a t ap suiv kalite dosye sa yo, apeprè 10,000 pa te gen yon nouvo kondanasyon apre omwen 10 zan. Chak ane, apeprè 350 moun ki te kondane kòm timoun 16 ak 17 an pou deli ak krim ki pa vyolan rete san kondanasyon apre 10 ane. Anplisde retire fado sa sou moun sa yo yomenm, fanmi yo pral santi enpak pozitif aksyon sa a tou. Kounye a, yon pitit gason oubyen yon pitit fi, yon mari oubyen yon madanm, yon papa oubyen yon manman pral ekipe pi byen pou ede moun pwòch yo paske yo jwenn li vin pi fasil pou yo jwenn travay, ale lekòl, jwenn lojman, ak travay nan pwofesyon ki mande lisans.

Gouvènè a pral asire ke chak moun ki kalifye pou gras sa a merite soulajman sa a, grasa yon pwosesis egzamen ak anpil atansyon. Yo envite tout moun ki kwè yo kalifye pou gras sa a pou yo aplike pa lentèmedyè sit entènèt Gouvènè a, [ny.gov/services/apply-clemency](http://ny.gov/services/apply-clemency). Estaf Ajans yo pral fè yon rekòmandasyon ba Gouvènè a pou akòde yon gras si:

- Moun nan te gen 16 oswa 17 an nan moman li te komèt krim li te kondane pou li a.
- Gen 10 ane omwen ki pase depi moun lan swa te kondane pou krim lan, oswa te lage soti nan yon peryòd tan prizon pou krim lan, si sa aplikab.
- Moun lan te rete san kondanasyon depi lèsa.
- Moun nan te kondane pou yon deli oswa yon krim ki pa vyolan.
- Moun nan pa te kondane odepa pou yon krim seksyèl.
- Moun nan se yon rezidan Eta New York nan moman kounye a.
- Moun nan te peye taks sou tout revni.
- Moun nan se yon manm pwodiktif nan kominote li, sa vle di moun nan ap travay, l ap chèche travay, li nan lekòl oswa li pa anmezi travay legalman.

Anplisde envitasyon jeneral pou aplike a, Administrasyon an pral fè sansibilizasyon pou vize kandida pou gras la, kòmanse ak gwoup moun ki pi resan ki gen posiblite kalifye yo, ki se moun ki te kondane nan ane 2004. Anplwaye Administrasyon an pral egzaminen gwoup moun lan epi yo pral eseye kontakte sa ki te kondane pou krim ki kalifye ke yo te komèt pandan yo te gen 16 oswa 17 an epi ki te rete san kondanasyon. Yo pral enfòme yo sou kalifikasyon yo odepa pou yon gras, epi envite yo sèvi avèk sit entènèt la pou yo aplike. Depi yo fin kontakte gwoup moun 2004 yo, yo pral rekòmanse pwosesis la pou moun ki te kondane an 2003, epi kontinye fè bak jouk yo fin fè sansibilizasyon tout kandida posib yo.

Aksyon Gouvènè a ranfòse angajman li pran pou soulaje baryè pou moun ki gen kondanasyon kriminèl, ki demontre nan kreyasyon Konsèy Reyentegrasyon Kominotè ak Reyentegrasyon an 2014 la, ak nan aksepte epi mete sou pye 12 rekòmandasyon

pou aksyon egzekitif ki soti nan Konsèy la nan mwa septanm ane sa. Aksyon egzekitif sa yo te gen ladan adopsyon nouvo gid kont-diskriminasyon pou lojman New York finanse, ak adopsyon “chans san patipri pou anplwaye” pou ajans Eta New York yo.

Òf padon sou kondisyon jounen jodi a pou moun ki te kondane nan laj 16 ak 17 an mete aksan sou angajman Gouvènè a pou vanse nan pwogram pou Ogmante Laj responsablite kriminèl la, menmsi lejislati a, nan dènye sesyon li an, te jwenn tèt li pa anmezi pase lwa pratik konplè pou fè sistèm jistis kriminèl la sispann trete jèn moun sa yo tankou granmoun, yon bagay ke yo pa ye.

Nan ete ki sot pase a, Gouvènè a te anonse aksyon egzekitif pou retire minè yo nan etablisman koreksyonèl granmoun, kote yo gen anpil chans pou yo viktim nan pi gwo pousantaj, epi yo ka aprann vin pi bon kriminèl nan men prizonye pi granmoun yo. Gouvènè a kontinye mande lejislati a pou pase pake lwa Ogmante Laj la, ki gen ladan dispozisyon pou tabli sou krim ki te komèt nan jenès apre yon moun te rete san fè krim pandan yon peryòd tan.

**Norman L. Reimer, ki se Direktè Egzekitif pou Asosiyasyon Nasyonal Avoka Defans Kriminèl, di konsa,** “Desizyon Gouvènè Cuomo pran pou bay gras dapre kategori sa a, se yon gwo pa istorik nan mouvman nasyonal k ap ankouraje restorasyon dwa. Li se yon gwo pa pou pi devan nan efò pou konbat konsekans yon kondanasyon kriminèl ki chanje lavi, epi li pral sèvi kòm yon modèl pou gouvènè yo nan tout peyi a. Yon lòt bagay enpòtan tou, li rebay pouvwa padon an anpil fòs tankou yon eleman entegral san enterè politik nan yon sistèm jistis kriminèl rasyonèl e imen ki rekonsilye sekirite piblik ak pitye e padon.”

**Soffiyah Eli, ki Direktè Egzekitif Asosiyasyon Koreksyonèl nan New York, di konsa,** “Mwen kontan poutèt Gouvènè a te pran responsablite bay patisipasyon pa li nan mete fen nan enjistis trete jenn tigason ak jenn tifi kòm granmoun nan sistèm tribinal la. Kòm Ko-Prezidan Komisyon sou Jenès, Sekirite Piblik ak Jistis, mwen te wè bezwen ijan pou korije pwoblèm sa a ki te kenbe eta nou an annaryè pandan lontan nan jistis kriminèl. Kounye a, ak aksyon sa a anplis, n ap vanse nan bon direksyon, epi bay yon chans pou efase fot pou yon gwoup moun ki te merite li aklè.”

### **DÈNYE NOUVÈL PWOJÈ GRAS**

Avèk asistans Asosiyasyon Nasyonal Avoka Defans Kriminèl, reprezantan ki soti nan Biwo Gouvènè a te devlope yon pwogram fòmasyon konplè epi yo pral kòmanse travay ak asosiyasyon sa yo pou fòme avoka volontè grasa semine sou entènèt nan kòmansman 2016. Malgre moun ka aplike pou gras san asistans yon avoka, asistans nan men yon avoka san konpansasyon (pro bono) ap amelyore kalite aplikasyon yon prizonye epi prezante yon pi bon ka pou li ba Gouvènè a. New York County Lawyers Association, New York State Bar Association, New York City Bar Association, Legal Aid Society, ak Asosiyasyon Avoka Defans Kriminèl nan Eta New York ap prepare petisyon pou diminye santans, epi Defansè Bronx yo ap bay sèvis legal apre petisyon pou sa ki konsènen benefis, lojman, ak travay, pou moun ki gen petisyon ki reyisi yo.

Fòmasyon yo, ki bay pa lentèmedyè seminè sou entènèt ak materyèl ki ansanm ak yo, ap akonpayen avoka volontè ki asosye ak òganizasyon legal k ap kolabore yo nan chak etap lè yo asiye yon ka pou yo, kominike ak kliyan yo, epi prepare yon petisyon solid. Yo pral anrejistre yo dekwa pou lè nouvo volontè antre nan pwojè a, yo pral kapab wè fòmasyon an kèlkanswa lè yo bezwen li.

Jodi a Gouvènè Cuomo te akòde soulajman gras pou de moun ki te demontre yo retounen nan bon kondisyon, e ki te fè pwogrè pozitif nan lavi yo depi kondanasyon kriminel yo. Yo te akòde moun sa yo soulajman gras nan enterè lajistis ak reyadaptasyon. Gras ki akòde jodi a se pou mete sou kat gras ke Gouvènè a te akòde sa gen plizyè semèn de sa.

Gouvènè Cuomo te bay jodi a diminisyon santans annapre la a:

**Mario Espaillat**, 46 zan, ki se moun New York, ap pije yon santans 4 ane nan moman kounye a pou Posesyon Kriminèl Dezyèm Degre yon sibstans ki gen règleman espesyal nan Konte New York. Mesye Espaillat te gen 19 an nan moman krim li an, epi se te premye krim li komèt. Michael Sheahan, sipèntandan Etablisman Koreksyonèl nan Southport, te rekòmande ka Mesye Espaillat a pou anvizaje gras. Mesye Espaillat te kenbe yon dosye disiplinè san fot pandan li te nan prizon. Li te fini fòmasyon pwofesyonèl tou nan metye elekrisite e resevwa sètifikasyon nan reparasyon zouti elektrik ak sèvis aparèy limyè. Lè li lage, li pral abite ak manman li, madanm li, ak de pitit gason adolesan.

Gouvènè Cuomo te bay jodi a gras annapre la a:

**J'Adore Mattis**, 31 an, ki se moun Brooklyn, te kondane nan ane 2006 pou Vòl 3yèm Degre nan Konte New York. Li te kondane pou 5 ane pwobasyon epi li te resevwa yon Sètifika Reparasyon pou Andikap le 24 mas 2015. Madam Mattis se yon fanm transeksyèl ki soti Jamayik. Li te jwenn azil Oztazini akòz pèsekisyon vyolan moun transeksyèl sibi nan Jamayik. Apre kondanasyon li, Madam Mattis te resevwa yon Fòmasyon Dezan Kolèj nan Manhattan Community College. Li te resevwa yon plas sou lis Doyen an epi li te kenbe yon mwayèn 3.13. Apre li fini Dezan Fòmasyon li an, li ale nan Long Island University nan Brooklyn epi li te resevwa yon Bakaloreya nan Swen Enfimye. Madam Mattis vle travay kòm nès, men kondanasyon li an te anpeche li jwenn yon lisans. Yon gras t ap efase istwa kriminel li epi pèmèt li travay pou reyalize rev li pou li vin tounen yon nès pratisyen sètifye. Li pa gen okenn lòt istwa kriminel.

Gouvènè a gen otorite pou akòde diminisyon santans ak gras dapre Konstitisyon New York ak lwa Eta a. Ansanm ak gras ki te anonse pi bonè ane sa a ak an 2013 e 2014, Gouvènè a te fè gras a uit moun epi li te diminye twa santans prizon depi li te pran fonksyon.

Gouvènè a konsidere tout faktè e fè ak anpil atansyon yon egzamen aplikasyon pou gras yo avèk responsab yo nan Chanm Egzekitif la, Depatman Koreksyon ak Sèvis

Kominotè, biwo Pwokirè Distri ki gen rapò ak chak ka presi, Komisyon Libète Pwovizwa, ak Biwo pou Sèvis Viktim. Kandida ki kalifye pou diminisyon santans ka gen ladan moun ki pa gen yon gwo istwa kriminèl, moun ki te pije omwen mwatye nan santans minimòm yo, epi ki te demontre prèv bon konduit nan prizon ansanm ak gwo reyadaptasyon tou. Kandida ki kalifye pou gras yo ka gen ladan moun ki gen dwa yo oswa kondisyon legal yo ki jennen akòz ansyen kondanasyon kriminèl.

Moun ki enterese aplike pou gras dwe ale sou sitwèb gras Gouvènè Cuomo a, ki te lanse tou dènyèman nan ane pase, [www.ny.gov/clemency](http://www.ny.gov/clemency). Sitwèb la se yon resous santral pou moun k ap chèche jwenn plis enfòmasyon konsènan gras, kondisyon pou kalifikasyon, ak pwosesis aplikasyon an, ansanm ak fason pou soumèt dokiman aplikasyon yo elektwonikman. Yo ankouraje manm fanmi ak zanmi moun k ap pije santans prizon pou yo ale sou sit entènèt la epi aplike pou gras onon manm fanmi yo oswa zanmi yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418